# ҚАРАҚАЛПАҚСТАН РЕСПУБЛИКАСЫ ХАЛЫҚ БИЛИМЛЕНДИРИЎ МИНИСТРИНИҢ БУЙРЫҒЫ

## Район (қала)лық халық билимлендириў бөлимлери орайластырылған финанс-бухгалтерия хызметлериниң ҳәм арнаўлы қурылыс-эксплуатация ҳызметин басқарыў, техник ҳәм хызмет көрсетиўши хызметкерлериниң үлгили штатлары ҳәм базалық тариф ставкалары муғдарын тастыйықлаў ҳаққында

Өзбекстан Республикасы Президентиниң «Өзбекстан Республикасының «2021-жыл ушын Өзбекстан Республикасының Мәмлекет бюджети ҳаққында»ғы Нызамы орынланыўын тәмийинлеў ис-иләжлары ҳаққында»ғы 2020-жыл 30-декабрьдеги ПҚ-4938-санлы қарарының орынланыўын тәмийинлеў мақсетинде ҳәмде 2021-жыл 29-январьдағы Өзбекстан Республикасы Халық билимлендириў министрлигиниң «Район (қала)лық халық билимлендириў бөлимлери орайластырылған финанс-бухгалтерия хызметлериниң ҳәм арнаўлы қурылыс-эксплуатация хызметин басқарыў, техник ҳәм хызмет көрсетиўши хызметкерлериниң үлгили штатлары ҳәм базалық тариф ставкалары муғдарын тастыйықлаў ҳаққында»ғы 16-санлы буйрығын орынлаў мақсетинде

**БУЙЫРАМАН:**

1. Өзбекстан Республикасы Халық билимлендириў министрлигиниң 2021-жыл 29-январьдағы 16-санлы буйрығы басшылыққа алынсын ҳәм орынланыўы тәмийинленсин.
2. Район (қала)лық халық билимлендириў бөлимлери орайластырылған финанс-бухгалтерия хызметлериниң штатлары ҳәм базалық тариф ставкалары муғдарлары 1-қосымшасына муўапық тастыйықланғанлығы мағлыўмат ушын қабыл етилсин.
3. Усы буйрықтың қабыл етилиў мүнәсибети менен Каракалпақстан Республикасы Халық билимлендириў министрлигиниң 2020-жыл 31-январьдағы 15/2-санлы буйрығы өз күшин жоғалтқан деп табылсын.
4. Өзбекстан Республикасы Халық билимлендириў министрлигиниң 2018-жыл 1-майдағы 115-санлы буйрығы менен тастыйықланған район (қала)лық халық билимлендириў бөлими арнаўлы қурылыс-эксплуатация ҳызметлерин басқарыў, техник ҳәм хызмет көрсетиўши хызметкерлердиң штатлары ҳәм базалық тариф ставкалары муғдарлары ҳәмде бирден-бир тариф сеткасы бойынша тариф разрядларының 1-бәнти 2-қосымшаға муўапық түрде баян етилсин.

штатлары ҳәм базалық тариф ставкалары муғдарлары ҳәмде бирден-бир тариф сеткасы бойынша тариф разрядларының 1-бәнти 2-қосымшаға муўапық түрде баян етилсин.

5. Министрликтиң “Атқарыўшылық хызмети ҳәм мүрәәжатлар менен ислесиў” бөлими (Қ. Бекбаулиев)не :

- усы буйрықты барлық халық билимлендириў бөлимлерине жеткериў ўазыйпасы тапсырылсын.

6. Барлық район (қала)лық халық билимлендириў бөлими баслықларына:

- бир ҳәпте мүдетте район (қала)лық халық билимлендириў бөлимлери орайластырылған финанс-бухгалтерия хызметлериниң ҳәм арнаўлы қурылыс-эксплуатация хызметин басқарыў, техник ҳәм хызмет көрсетиўши хызметкерлериниң үлгили штатлары кестелери ҳәм қурылыс-эксплуатация хызметлерин басқарыў, техник ҳәм хызмет көрсетиўши хызметкерлериниң штатлар кестесин Өзбекстан Республикасы Президентиниң «Өзбекстан Республикасының «2021-жыл ушын Өзбекстан Республикасының Мәмлекет бюджети ҳаққында»ғы Нызамы орынланыўын тәмийинлеў ис-иләжлары ҳаққында»ғы 2020-жыл 30-декабрьдеги ПҚ-4938-санлы қарары талапларынанан келип шығып қайта ислеп шығылыўы, тастыйықланыўы ҳәмде орнатылған тәртипте дизимнен өткерилиўин шөлкемлестириў;

-еки ҳәпте мүддетте тийисли қаржы бөлимлери менен биргеликте хызметкерлердиң лаўазым ис хақылары асырылыўы мүнәсибети менен қосымша талаб етилетуғын қаржылардың ажыратылыўы тәмийинленсин.

7. Усы буйрықтын орынланыўын қадағалаўды өзиме қалдыраман.

8. Бул буйрық 2021-жыл 1-февральдан баслап күшке киретуғынлығы белгилеп қойылсын.

**Министр** **Р. Реимов**

Нөкис қаласы,
2021-жыл «02» Феврал
№ 25

Қарақалпақстан Республикасы
Халық билимлендириў министрлигиниң
2021-жыл 02 -февральдағы 25 -санлы
буйрығына 1- қосымша

**Район (қала)лық халық билимлендириў бөлимлери орайластырылған финанс-бухгалтерия хызметлериниң үлгили штатлары ҳәм базалық тариф ставкалары МУҒДАРЛАРЫ**

| № | Лаўазымлар аты | Штат бирлиги | Базалық тариф ставкалары муғдары (сумда) | | |
|---|---|---|---|---|---|
| | | | Калалар-ўалаятлар орайлары, Нокис қаласы ҳәм аўыл районлары, кала районлары | | ўалаятқа бойсыныўшы калалар |
| | | | I-топар | II-топар | |
| 1 | Бас бухгалтер | 1 | 2 048 211 | 1 926 005 | 1 926 005 |
| 2 | Бас бухгалтер орынбасары | 1 | 1 926 005 | 1 805 689 | 1 805 689 |
| 3 | Бас экономист | 1 | 1 926 005 | 1 805 689 | 1 805 689 |
| 4 | Бас қанийге (экономист) | билимлендириу макемелери саны 31 ден 60 шекем-1 бирлик, билимлендириу макемелери саны 61 хам оннан артық болганда-2 бирлик киритиледи. | 1 573 875 | 1 461 431 | 1 461 431 |
| 5 | Хызметкерлер менен есап-китаплар бойынша топар басшысы | хәр 400 хызметкерге 1 бирлик есабынан киритиледи | 1 805 689 | 1 688 837 | 1 688 837 |
| | Бас қанийге (хызметкерлер менен есап-китаплар бойынша бухгалтер)* | | 1 573 875 | 1 461 431 | 1 461 431 |
| 6 | Товар-материаллық байлықлар есабы бойынша топар басшысы | билимлендириу макемелери саны 50 шекем-1 бирлик; билимлендириу макемелери саны 51 ден 100 шекем болганда-2 бирлик; билимлендириу макемелери саны 101 хам оннан артық болганда-3 бирлик киритиледи. | 1 805 689 | 1 688 837 | 1 688 837 |
| | Бас қанийге (товар-материаллық байлықлар есабы бойынша бухгалтер) | | 1 573 875 | 1 461 431 | 1 461 431 |
| 7 | Мәмлекетлик буйыртпалар ҳәм шәртнамалар бойынша топар басшысы | билимлендириу макемелери саны 50 шекем-1 бирлик; билимлендириу макемелери саны 51 ден 100 шекем болганда-2 бирлик; билимлендириу макемелери саны 101 хам оннан артық болганда-3 бирлик киритиледи. | 1 805 689 | 1 688 837 | 1 688 837 |
| | Бас қанийге (мәмлекетлик буйыртпалар ҳәм шәртнамалар бойынша)* | | 1 573 875 | 1 461 431 | 1 461 431 |

Еслетпе: Мийнетке ҳақы төлеўдиң ең кем муғдары Өзбекстан Республикасы Президентиниң Пәрманларына муўапық асырылғанда орайластырылған финанс-бухгалтерия хызметлериниң базалық тариф ставкалары белгиленген тәртипте Халық билимлендириў министрлиги тәрепинен Қаржы министрлиги ҳәмде Бәнтлик ҳәм мийнет қатнасықлары министрлиги менен биргеликте қайта көрип шығылады.

*) Бас қәнийгелер (хызметкерлер менен есап-китаплар бойынша бухгалтерлер, товар-материаллық байлықлар есабы бойынша бухгалтерлер, мәмлекетлик буйыртпалар ҳәм шәртнамалар бойынша) саны 2 ҳәм оннан артық болғанда олардан биреўи топар басшысы есапланады.

Каракалпакстан Республикасы
Халык билимлендириў министрлигининг
2021-жыл 02 -февральдагы 25 -санлы
буйрығына 2- қосымша

**Район (қала)лық халық билимлендириў бөлимлери арнаўлы қурылыс-эксплуатация хызметин басқарыў, техник ҳәм хызмет көрсетиўши хызметкерлердиң үлгили штатлары ҳәм базалық тариф ставкалары**

**МУҒДАРЛАРЫ**

| № | Лаўазым аты | Штат бирлиги | Базалық тариф ставкалары муғдары | | |
|---|---|---|---|---|---|
| | | | Калалар-ўалаятлар орайлары, Нокис қаласы ҳәм аўыл районлары, кала районлары | | ўалаятқа бойсыныўшы калалар |
| | | | I-топар | II-топар | |
| I | Хызмет баслығы-Бас инженер | 1 | 1 926 005 | 1 805 689 | 1 805 689 |
| 2 | Бас инженер | 1 | 1 573 875 | 1 461 431 | 1 461 431 |
| 3 | Қәнийге (билимлендириў мәкемелери қазанлары ҳәм ысытыў системаларын қадағалаў бойынша) | билимлендириу макемелери саны 30 дан артык болганда-1 бирлик | 1 461 431 | 1 349 306 | 1 349 306 |
| 4 | Коммунал хызметлери бойынша инспектор | билимлендириу макемелери саны 20 дан артык болганда-1 бирлик | 1 461 431 | 1 349 306 | 1 349 306 |

Еслетпе: Мийнетке ҳақы төлеўдиң ең кем муғдары Өзбекстан Республикасы Президентиниң Пәрманларына муўапық асырылғанда орайластырылған финанс-бухгалтерия хызметлериниң базалық тариф ставкалары белгиленген тәртипте Халық билимлендириў министрлиги тәрепинен Қаржы министрлиги ҳәмде Бәнтлик ҳәм мийнет қатнасықлары министрлиги менен биргеликте қайта көрип шығылады.